Yàlla jéggal na samaw xeet li seen i xel di xalaat, fii ak defuñu mbaa ñu wax

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «Yàlla jéggal na samaw xeet li seen i xel di xalaat, fii ak defuñu mbaa ñu wax».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne jullit bi deesu ko toppe li xelam di xalaat ci ay njëkk mu koy def walla mu koy wax, ndax Yàlla yëkkëti na coono ba daal di jéggale, te du toppe xeetu Muhammat liy nekk ci am xelam di dengi-dengi ci xel mi lu dul mu am cag dal ak ug féex; bu ca xelam féexee nag niki rëy-rëylu ak puukarewu ak naaféq walla mu jëf ci ay céram mbaa mu wax ci làmmeñam, kon dees na ko jàppe loolu.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/58144